boo waxee sa àndandoo: noppil ci bisu àjjuma, fekk imaam bi di xutba, kon fo nga

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «boo waxee sa àndandoo: noppil ci bisu àjjuma, fekk imaam bi di xutba, kon fo nga».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne bokk na ci teggin yi war ci ki teewe xutbag àjjuma: mu déglu kiy xutba; ngir man a settantal waare yi, te képp ku wax -ak lu mu tuuti-tuuti fekk imaam mi ngi xutba, mu wax keneen: "noppil" ak "déglul", kon ngëneelu jullig àjjuma ga raw na ko.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3107